Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# ТховкӀело йоьхучу Нохчийчуьра доьзална дуьхьало йина Германихь

Марсхьокху-бутт 10, 2026




Гайтаман сурт

Нохчийчохь шайна лаьттачу кхерамах бевдда баьхкинчу АбуевгӀарна тховкӀело йала дуьхьал хилла Германи. ХӀинца цаьрга боху шайн пачхьалкхера арадовла. Тхан редакцига хаам бинчу бакъонашларйархочо Дунаева Розас бахарехь, оцу доьзална кхерам лаьтта Оьрсийчохь.

"Нагахь санна, оцу стагана йухавеъча хьовзам балахь, пачхьалкхан гӀалато йоккха тӀаьхьало йуьйтур йу царна. Оха тӀедожориг кхин доккха хӀума а дац: нийсо, церан гӀуллакх леррина таллар, массо а хӀуманан хьесап дар, адамийн бакъонаш ларйар", - дӀахьедина Дунаевас.

Цо билгалдаьккхина, Германира нохчийн диаспоран векалша кест-кеста дуьйцуш хиларх тховкӀело йоьхуш чуделла церан кехаташ листар чолхе даккхарх лаьцна.

АбуевгIеран доьзалехь диъ бер ду: 22, 18, 13, 10 шераш долуш. Бакъонашларйархочо дийцарехь, доьзалан дас масех шо даьккхина Нохчийчуьрчу набахтехь.

- Нохчийн диаспоран векалша кхайкхамбина европахойн Iедалхошка шайга тховкIело йеха баьхкина Къилбаседа Кавказера бахархой пачхьалкхашкара арабахар дита аьлла. ТховкIело йоьхуш чуделла дехарш кIезиг бен къобалдина цахиларх официалехь цхьана Германино тIечIагIдина, амма бакъонашларйархоша чIагIдо, Украинехь тIом болийчхьана йоллу Европехула нахана цунах хьовзам хуьлу бохуш. Церан хаамашца, Оьрсийчу дIахьийсийначул тIаьхьа хIинцале а 20 сов Кавказера вахархо вийна лоруш ву.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю